

CHEMEN POU DIPLÒM

SE POU W '#GRADTASTIC'



Deziyasyon Etidyan an se pou elèv ki pase tout EOC yo e pran klas anplis tankou Aljèb II, Estatistik, Chimi, fizik, e yon kou AP, IB, AICE, oubyen DE.

Deziyasyon Merit la se pou elèv ki atenn youn oubyen plis sètifikasyon endistri.

TÈMINOLOJI

AP – Plasman Avanse
IB – Bakaloreya Entènasyonal
AICE – Sètifikasyon Edikasyon Entènasyonal Avanse 'Cambridge'
IS – Etid Etènasyonal
DE – Anwolman Doub
EOC – Egzamen Fen Kou
GPA – Mwayèn Jeneral
FSA – Evalyasyon Estanda Florid

SUPERINTENDENT'S
DIPLOMA OF
DISTINCTION

SCHOLAR
DESIGNATION

MERIT
DESIGNATION

STANDARD
DIPLOMA

Diplòm Distenksyon Sipèentandan an se pou elèv ki anwole nan owmen 4 kou "Honors" (Onè), AP, IB, AICE, IS, e/oubyen DE, ki fini omwen 75 èdtan sèvis kominotè, e ki resevwa yon GPA 3.5 oubyen plis lè l rive nan fen premye semès Ane Segondè a fini san yon nòt final "C" oubyen pi ba nan relve nòt yo.

Diplòm Estanda a se diplòm yo bay tout elèv ki satisfè demann gradyasyon Eta Florid yo. Demann sa yo gen ladan kenbe yon GPA 2.0, klas espesifik, e pase egzamen yo bay nan eta a.

"Florida Gold/Silver Seal of Biliteracy" (So Lò/Ajan Aprann Li e Ekri nan De (2) Lang nan Florid) se prim yo bay elèv ki atenn yon nivo konpetans ki wo nan koute, pale, li e ekri nan youn oubyen plizyè lang etranje anplis Anglè. Nou ka jwenn enfòmasyon sou kondisyon espesifik yo nan diplomaphways.dadeschools.net.

KI DIPLÒM OU GENYEN?